

*Byenvni nan  
Mond lan: Yon  
Vizyon jeneral  
sou pitit ou an  
kap grandi*



**Grandi Rive nan 5**

Revize 2015

# Byenvni nan Mond lan, Jenn Timoun

## ***Nou swete solèy lan briye sou ou avèk...***

moun k ap bay swen san manke, ki yon fason saj e apwopriye nan entèaksyon ak timoun piti, sa k fè k ap aprann mache yo, ak timoun ki pral antre nan matènèl...

tan pou n aprann konpetans tounèf ak devlope kreyativite... sansibilizasyon atravè mizik, liv, aktivite, epi pwomnad... èd espesyal pou nesosite espesyal...

## ***Nou swete pou lapli wouze nou avèk...***

yon fami ki damou pou nou...

yon anviwònman san danje, ak sekirite, k ap kenbe timoun djyanm epi plase yo an premye... manje ki nourisan...

pran repo, jwe, lè ki gen... swen santé apwopriye... libète san presyon mantal ak san vyolans... touch pozitif, miyon, afektye...

Foto kouvèti an se yon koutwazi

iStockphoto/Thinkstock

Page 5 foto koutwazi Fuse/Thinkstock

Paj 7 foto koutwazi Stockphoto/Thinkstock

Paj 9 foto koutwazi Lifesize/Thinkstock

Paj 11 foto koutwazi Top Photo Group/Thinkstock

Paj 13 foto koutwazi Fuse/Thinkstock

Paj 15 foto koutwazi Stockphoto/Thinkstock

Paj 17 foto koutwazi Creatas/Thinkstock

Paj 19 foto koutwazi Stockphoto/Thinkstock

Paj 21 foto koutwazi Stockphoto/Thinkstock

# Tab Matyè yo

<i>Byenvni nan Grandi Rive nan 5</i> .....	1
Piplis pou w li oubyen wè .....	3
Sòti nan Nesans Rive nan 3 Mwa .....	4
De 3 a 6 Mwa .....	6
De 6 a 9 Mwa .....	8
De 9 a 12 Mwa .....	10
De 12 a 18 Mwa .....	12
De 18 a 24 Mwa .....	14
De 24 a 36 Mwa .....	16
De 36 a 48 Mwa .....	18
De 48 a 60 Mwa .....	20

Se tout ekspò nou kite paj sa a vid.

# Byenvni nan Grandi Rive nan 5

Nou devlope ti liv sa a pou n ede w pandan w ap viv ak travay ak timoun ant nesans yo e laj senk (5) an. Nou rekonèt e nou retire chapo devan konviksyon w genyen pou w pran swen jenn timoun yo ak ede yo devlope. Grandi Rive nan 5 anbrase alafwa senplisite fondamantal ak kompleksite atreyant e delikat ki pwòp a premye etap nan devlopman lavi nan yon jenn timoun.

\* \* \*

Objektif n ap pataje se pou nou bay pou tout timoun nou yo yon anviwònman pou swen timoun ki ofri teren ki pi fètil lan pou timoun yo grandi ak devlope. Rechèch ki fèt sou devlopman sèvo timoun sipòte sa paran yo ak edikatè timoun klas matènèl yo te konnen depi lontan deja: timoun k ap elve nan anviwònman kote yo jwenn bonjan swen, ki sansibilize yo jantiman, anviwònman ki pa gen latwoublay, timoun sa yo aprann pi vit ak piplis pase lòt timoun k ap elve nan neglijans, oubyen timoun k ap elve nan yon manyè negatif, anba move lespri latwoublay ak vyolans.

Kote fanmi yo etabli yon anviwònman pou bonjan devlopman, yo ankouraje timoun yo fòme dives karakteristik ki pral ede yo reyisi nan lekòl epi pou yo tounen grandèt ki konsène e ki ap pwodui. Nan yon ti liv nou rele “Kòmansè avèk Kè: Fondman Emosyonèl pou Preparasyon pou Lekòl (Sòti nan Zewo Rive nan Twa. 1992), nou rezime karakteristik sa timoun yo bezwen epi ki pou ede yo prepare yo pou lekòl. Karakteristik sa yo se

- konfians yon timoun genyen ak konfyans pa granmoun yo tou nan anviwònman an yon fason pou timoun lan gen libète pou l aprann epitou pou l chèche nouvo defi
- kiryozi avèk anvi pou l aprann bagay nouvo
- pou l gen entansyon, oubyen volonte pou l jwe wòl li dwe jwe yo
- pou l gen kontwòl tèt li avèk konpetans pou l mezire pwòp konduit pa li
- relativite—yon sans lyezou oubyen apatenans a lòt moun yo nan anviwònman an
- kapasite pou kominikasyon epi pataje panse ak ide li yo
- sans kooperasyon avèk kapasite pou l travay ak jwe avèk siksè avèk lòt moun yo

Fanmi ak edikatè yo bay karakteristik enpòtan sa yo jarèt nan jenn timoun yo, lè yo sipòte yo avèk

- yon fanmi k ap pratike lanmou
- yon anviwònman san danje, ki gen sekirite ak ankourajman ki klase timoun yo nan premye plas
- manje nourisan ak kantite rezonab repo, tan pou jwèt, epi bonjan lè frè pou respirasyon
- swen santé apwopriye e sifizan
- moun k ap bay swen san ratman epi ki yon fason apwopriye epi avèk tandrès fè echanj avèk timoun piti yo, timoun ki fèk ap aprann mache yo, sa k pral nan matènèl yo, epi tande yo tou
- tan rezonab e sifizan pou aprann abilte nouvo epi pou devlope konpetans ak kreyativite
- libète kote timoun lan pa anba presyon mantal oubyen strès avèk vyolans
- touchman pozitif avèk afeksyon ak tandrès
- sansibilizasyon apwopriye atravè mizik, liv, divès aktivite epi pwomnad
- prete atansyon a tout bezwen espesyal yo

Etabli yon milye rich konsa pa vle di pou n achte jwèt ki koute chè, antre nan leson espesyal, oubyen aprann pitit ou an li anvan klas matènèl. Ou dwe renmen timoun lan, tande li, epi gen pou li pasyans ak enterè. Sepandan, li ka itil pou w konprann an premye lye nan ki lòd devlopman dewoule nan timoun piti yo ak kèk enfòmasyon konsènan tout aktivite ki sipòte timoun yo selon nivo deblòpman yo. Se pou sa nou devlope ti liv sa, *Byenvni nan Mond lan: Yon Vizyon Jeneral sou Pitit ou an k ap Grandi*.



*Byenvni nan Mond lan* ouvri yon fenèt sou devlopman nòmal timoun yo, sòti nan jou nesans yo rive nan laj 60 mwa (ki vle di senk (5) an). Chak seksyon nan ti liv sa a bay divès egzanp sou conduit nou nòmalman obsève nan timoun yo nan yon nivo devlopman patikilye (pa egzanp, sòti nan nesans rive nan twa mwa). Nou ranje conduit yo an kat (4) kategori: konpetans pèsonèl ak sosyal, konpetans nan langaj ak nan konpreyansyon, abilte ak ti misk piti yo, abilte ak gwo misk yo.

Nan chak seksyon, nou sigjere tou aktivite ki apwopriye pou grandèt yo egzekite avèk yon timoun nan nivo devlopman sa a. Lè yon moun konnen nan kisa yon timoun kapab enterese ak kisa li kapab fè aprè, moun k ap bay swen an kapab fè echanj epi jwe pi byen ak timoun lan. Menm jan an tou, lè yon moun k ap bay swen konnen nan kisa yon timoun **pankò prè** pou l reyalize, konesans sa a pral kenbe moun k ap bay swen an pou li pa atann li ke timoun lan pral jwe epi reyaji nan fason ki pankò posib pou timoun lan.

Li enpòtan pou n sonje ke byenke tout timoun suiv menm chema jeneral la lè y ap grandi, se pa yo tout ki devlope ak yon menm vitès. Yo gen diferans nan fason yo aprann, nan enterè yo montre, ak nan fason yo montre santiman yo fas a bagay nan alantou yo. Yon timoun kapab pa devlope tou yon fason regilye. Timoun lan kapab byen devlope konpetans avèk gwo misk li yo, tankou li kapab kanpe ak mache, tandiske li pa sanble li devlope konpetans nouvo ak aktivite avèk ladrès pandan kèk mwa. Ansuit, gen dwa gen ralantisman nan devlopman abilte nan aktivite gwo misk timoun lan, pandan konpetans nan langaj timoun lan ap devlope byen rapidman. Paske chak timoun inik, e paske yo tout pa devlope ak menm vitès, nou dwe itilize ti liv sa a sèlman kòm yon gid jeneral.

Pou tout kesyon oubyen pwoblèm ki regade devlopman yon timoun, telefone oubyen voye yon email pou youn nan kontak sa yo nou endike piba a.

### **Pou timoun ki gen laj sòti nan jou nesans yo rive nan 36 mwa**

Pran kontak ak “Early Steps” sa ki nan lokalite pa w lan. Yo ka fè aranjman pou gen pwofesyonèl apwopriye ki pou wè gratuitman yon timoun ki sanble li pap devlope yon fason nòmal. Pou w jwenn enfòmasyon sou kontak konsènan “Early Steps” sa ki pi prè kay ou an, nou priye w vizite sitwèb yo nan [http://www.floridahealth.gov/AlternateSites/CMS-Kids/early\\_steps\\_directory/index.html](http://www.floridahealth.gov/AlternateSites/CMS-Kids/early_steps_directory/index.html).

### **Pou timoun ki aje ant twa e senk lane**

Pran kontak avèk espesyalis “Child Find” ki nan lokalite pa w lan. “Child Find” travay an asosiyasyon avèk Biwo Edikasyon Eksepsyonèl lan (Bureau of Exceptional Education) ak Sèvis Elèv yo (Student Services) epi Sistèm Dyagnostik ak Resous Anseyman nan Florida a (Florida Diagnostic and Learning Resources System (FDLRS)). Espesyalis “Child Find” kapab fè aranjman pou gen pwofesyonèl apwopriye ki pou wè yon fason gratis yon timoun ki sanble li pap devlope nan yon fason nòmal. Rele lekòl piblik nan lokalite w lan, sant FDLRS nan lokalite w lan, oubyen Depatman Edikasyon Florida a nan **850-245-0475** pou yo ba ou nimewo telefòn “Child Find Specialist” ki pi prè kay ou an, oubyen vizite sitwèb yo nan <http://www.fdlrs.org/>.

# Piplis pou w Li oubyen Wè

Materyèl sa nou prezante nan lis piba a bay enfòmasyon sou devlopman timoun. Anpil ladan yo disponib nan bibliyotèk, epi sou entènèt lan. Pou piplis enfòmasyon konsènan kijan pou w jwenn reous sa yo, rele Sant Enfòmasyon Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Resous Elèv yo (BEESS) nan 850-245-0477 oubyen rele 850-245-0475 pou yo ba w nimewo sant FDLRS ki pi prè lakay ou an.

- Allen, K. E. & Schwartz, I. S. (2011). *The Exceptional Child: Inclusion in Early Childhood Education* (7<sup>th</sup> ed.). Albany, NY: Delmar.
- Amazing Me, It's Busy Being Three! <http://www.cdc.gov/NCBDDD/actearly/amazingme.html/>.
- American Academy of Pediatrics. <http://www.healthychildren.org/English/Pages/default.aspx/>.
- Bailey, B. (2000). *I Love You Rituals*. Oviedo, FL: Loving Guidance.
- Bailey, B. (1997). *There's Gotta Be A Better Way: Discipline That Works!* Oviedo, FL: Loving Guidance.
- Baker, M. & Jurie, C. (2008). *Partners in Care: Supporting Fussy Babies in Child Care*. Chicago: Erikson Institute.
- Brazelton, T. B. & Sparrow, J. D. (2006). *Touchpoints: Birth-3 Your Child's Emotional and Behavioral Development*. MA: Da Capo Press.
- Early Milestones. (2011). <http://www.earlymilestones.com/>.
- Eisenberg, A., Murkoff, H. E., & Hathaway, S. E. (2008). *What to Expect: The First Year*. New York: Workman.
- Eisenberg, A., Murkoff, H. E., & Hathaway, S. E. (2011). *What to Expect: The Toddler Year*. New York: Workman.
- Florida 211 Association. <http://211florida.org/>.
- Florida Department of Education: Bureau of Exceptional Education and Student Services. (2012). *Transition*. Tallahassee: BRIC.
- Florida's Transition Project. (2008). <http://www.floridatransitionproject.ucf.edu/>.
- Learn the Signs, Act Early. (2008). <http://www.cdc.gov/CDCTV/BabySteps/>.
- Lentini, R., Vaughn, B.J., & Fox, L. (2005). *Teaching Tools for Young Children with Challenging Behavior*. University of South Florida.
- Phelps, P. (2006). *Beyond Centers and Circle Time: Scaffolding and Assessing the Play of Young Children*. North Carolina: Kaplan.
- Schwartz, S. (2004). *The New Language of Toys: Teaching Communication Skills to Children with Special Needs*. Maryland: Woodbine House, Inc.
- Teaching Tools for Young Children with Challenging Behavior. (2011). <http://challengingbehavior.fmhi.usf.edu/>
- Zero to Three. (2012). <http://www.zerotothree.org/> Washington, D. C.

# Nesans to 3 Months

## ABILTE PRATIK PÈSONÈL AK SOSYAL

- Tete oubyen souse bibon
- Konfòtab lè l jwenn karès, son ki janti
- Sourì kòm repons a souri yon grandèt
- Gade w anfas lè w pale ak li
- Fè distenksyon ant moun k ap ba l swen an ak lòt grandèt yo
- Sote oubyen kriye lè yon gwo bwi fèt yon fason soudan

### Aktivite

- Toujou fè aranjman pou gen yon anviwònman san danje e trankil
- Kenbe ti bebe an dousman oubyen tou prè ou lè w ap ba l bibon
- Kenbe ti bebe an souvan, miyote e karese ti bebe an
- Lè ti bebe an kriye, reponn rapidman pou w satisfè bezwen li yo
- Sourì ak ti bebe an pandan w ap gade l nan zye
- Kwoke yon bèso mobil (anlve l anvan bebe aprann chita pou kont li)
- Chante ti chanson pou ti bebe epi jwe mizik apezant
- Pale ak vwa kalm e apezant

## ABILTE NAN LANGAJ AK KONPREYANSYON

- Pouse son youn dèyè lòt , file ti lang li deyò, bat ti po bouch li, oubyen fè lòt mouvman ak bouch li pou montre li grangou oubyen l bezwen souse yon bagay
- Montre l eksite anvan l manje ak lòt woutin fanmiye
- Kriye oubyen pouse lòt son lè l bezwen yon bagay
- Fè gagaga nan gòj li ak woukouye
- Reyaji lè l tande son tchyatchya

### Aktivite

- Koze oubyen chante pou bebe an pandan w ap ba l manje, lè w ap chanje li, benyen li, epi pandan tout jounen an
- Fè divès kalite son pou bebe an (mizik dous, tchyatchya, zwazo k ap chante, radio, klòch)
- Imite son ti bebe fè
- Lè w ap koze ak bebe an oubyen chante pou li, ba li tan pou l reponn ou
- Tande byen epi obsève bebe an pou w kapab konnen tout sa l ap endike yo
- Bay repons pou tout sa li endike yo




## ABILTE PRATIK AK TI MISK YO

- Suiv bagay ki briyan avèk zye l yo
- Fikse zye l yo sou yon bagay li kenbe ak pwòp ti men l yo
- Eseye kenbe dwèt grandèt
- Kenbe yon bagay pandan kèk segond
- Souse yon bagay byen

### **Aktivite**

- Balanse ak deplase objè dousman anfas bebe an pou l obsève yo epi eseye kenbe yo
- Bay bebe an dives teksti pou l santi kijan yo ye anba men li
- Plase bagay anndan men bebe an pou w ka sansibilize kapasite l pou l ponyen yo



Nesans

## ABILTE PRATIK AK GWO MISK YO

- Leve tèt li pandan l kouche sou vant
- Mentni tèt li dwat anwo lè w kenbe nan pozisyon chita
- Kòmanse chèche rive manyen objè
- Tounen tèt li otomatikman adwat ou agoch lè l kouche
- Fè mouvman ak bral yo epi ak janm li yo

### **Aktivite**

- Pandan ti bebe an kouche sou vant li, balanse bagay nwa e blan, oubyen bagay ki gen koulè briyant devan li pou w ankouraje li leve tèt li
- Pinga w kite dòmi pran bebe an pandan l kouche sou vant; sa ki san danje se dòmi pandan l kouche sou do an, menm si se pou yon ti kabicha
- Mentni bebe an nan pozisyon chita avèk sipò pou tèt li ak kou li selon jan sa nesèsè, konsa bebe an ap aprann kenbe tèt li nan yon pozisyon regilye
- Pou w ankouraje ti bebe an chita, apiye l nan yon kwen nan chèz lan (sipèvize l)
- Pandan w ap benyen bebe an, ede l fè mouvman ak men l ak pye l yo pou l bat dlo an

rive nan 3 mwa





# to 6 Months

# De 3 a 6 Mwa

## ABILTE PRATIK PÈSONÈL AK SOSYAL

- Souri fasilman san ezitasyon
- Chèche ale jwenn oubyen kenbe moun sa li konnen
- Kòmanse chwazi jwèt sa li renmen
- Souse dwèt li oubyen yon blankèt li renmen oubyen yon lòt objè pou l kòmanse konfòte pwòp tèt li

### Aktivite

- Souke tchyatchya dousman bò tèt bebe an pou ankouraje l vire tèt li nan zòn son an
- Kontinye pale ak bebe an pandan aktivite woutinye chak jou yo
- Tande ki kalite son ti bebe an ap fè, epi imite yo; tann pou bebe an reponn son pa w yo
- Pandan ti bebe an chita sou janm ou yo, li liv ki gen foto ak vwa w byen wo pou li; touche pòtrè objè nan liv lan ak dwèt ou pou li pandan w ap nonmen non yo
- Touche bagay ki nan chanm bebe an ak nan lòt kote, epi nonmen non yo pou li

## ABILTE NAN LANGAJ AK KONPREYANSYON

- Soufle epi ri
- Fè bababa...gaga, konbine son konsòn ak vwayèl (gou-ga)
- Mete bagay nan bouch li kote l ap chèche konnen yo
- Pouse son ki pa gen sans nan eksperyans sa l ap fè yo (gou-ah)
- Sote oubyen gade ki se endikasyon kote li kòmanse reponn lè moun nonmen non li
- Manyen oubyen pran yon bagay, repliye tou pou montre sa l renmen ou pa renmen

### Aktivite

- Fè aranjman pou l nan yon anviwònman pezig ki pa gen danje
- Fè aranjman pou l gen moman trankil
- Lè bebe an kriye, kontinye reponn rapidman pou w satisfè bezwen l yo
- Fè masaj sòti anwo desann anba pou pnyèt, do, epi janm ti bebe an
- Kenbe kontak zye a zye ak bebe an
- Fè ti jwèt kachkach ak ti bebe an pandan w ap di l pikebou-ou...
- Mete miwa pou ti bebe an gade pwòp tèt pa li
- Chante ti chanson senp pandan w ap ede bebe an bat ti men l yo ak ritm mizik lan
- Reponn jwayezman lè ti bebe an souri ak fè gagaga... bababa
- Imite jès sa ti bebe an ap fè ak figi li
- Kreve opòtinite pou entèksyon ant bebe an ak lòt timoun nan kay lan oubyen lòt kote

## ABILTE AK TI MISK PITI YO

- Ranmase epi kenbe tchyatchya
- Itilize jansiv li yo pou l moulen men li yo, jwèt, ak preske tout sa l jwenn
- Itilize tou de (2) men li yo anmenm tan pou l kenbe yon jwèt pandan l ap jwe avèk li
- Kòmanse transfere bagay sòti nan yon men ale nan lòt men an
- Kenbe bagay ant dwèt li yo e pla men li (itilize po m men li)

### **Aktivite**

- Plase bagay (jwèt, dwèt ou) nan men ti bebe an epi rale l jantiman pou w ankouraje bebe an itilize fòs li pou l kenbe yon bagay li renmen
- Ede bebe an kenbe yon jwèt ki san danje avèk de (2) men li yo pou w ankouraje l pase jwèt la de yon men a lòt men an
- Ede bebe an ranmase bagay ki san danje (blòk ki mezire yon pous, fòm won san danje)

## ABILTE AK GWO MISK YO

- Fè mouvman dèyè bagay
- Pòte bagay nan bouch li
- Vire sou kote lè l kouche sou do
- Lè l kouche sou do, woule vire sou vant epi woule sòti sou vant vire sou do
- Pouse pou l leve ak ponyèt li yo lè l kouche sou vant
- Leve tèt li dwat epi kenbe l nan pozisyon pandan yon tan san sipò
- Choute bagay yo ak pye l yo

### **Aktivite**

- Mete bebe an kouche sou vant sou sifas sa ki pa gen danje (tapi, blankèt) epi balanse jwèt ki gen koulè briyant anfas bebe an pou l ka fè efò dèyè yo oubyen pou l woule dèyè yo (pinga w kite dòmi pran bebe an pandan l kouche sou vant)
- Mete bagay ki soupl nan bèso an, pou bebe an choute yo; kenbe de (2) pye bebe an pou w montre l choute (retire bagay sa yo nan bèso an anvan bebe an ka chita)
- Kenbe ti bebe an anba zèsèl li yo, ede l kanpe dwat sou de (2) pye l yo (pa janm itilize ponyèt oubyen men yon ti bebe pou w ede l kanpe)
- Bagay bebe an renmen yo, mete yo lwen li sou planche an pou w ka ankouraje l woule dèyè yo

3

rive nan 6 mwa





# 6 to 9 Months

## ABILTE PÈSONÈL AK SOSYAL

- Sourì ak limenm lè lap gade nan yon miwa
- Pran plezi nan jwèt kachkach (Pikebou) ak frappe pla men youn lòt (Pat-a-Cake)
- Atache li espesyalman a yon jwèt oubyen yon objè detèmine
- Kòmanse krend moun li pa konnen

### Aktivite

- Fè aranjman pou l nan yon anviwònman peizib ki pa gen danje
- Evite kote ki gen son vyolan, evite kote moun an kòlè ap pale fò
- Anbrase ti bebe an souvan, epi karese li
- Sourì ak ti bebe an, koze avè l
- Fè jwèt kachkach pikebou-ou ak bat men youn a lòt (Pat-a-Cake)
- Kite ti bebe an jwe anfas youn miwa ki laj ak byen fikse
- Lè w ap fè bebe an fè konesans ak moun li pa konnen, bay bebe an tan pou l vini abitye ak enkoni an pandan ou ankò nan alantou moun sa a
- Jwe ak ti bebe an pandan aktivite sa w fè souvan ak li yo (chanje kouchèt, benyen l, mete rad sou li)

## ABILTE NAN LANGAJ AK NAN KONPREYANSYON

- Kòmanse ap imite son
- Dekouvri jwèt ki kache anba twal
- Reponn lè yo nonmen non li (gade, souri, vire tèt gade kote yo rele l la)
- Pale ak pwòp tèt pa li lè l pou kont li
- Pale vit avèk eksitasyon
- Rekonèt youn oubyen de (2) non moun ki pwòch li (manman, dada)

### Aktivite

- Gade nan liv ki gen foto avèk bebe an
- Chante bèl ti chanson pou ti bebe an
- Kache jwèt anba twal pou bebe an chèche yo ak jwenn yo (Hide-n-Seek)
- Itilize divès ton pou montre lè w dakò, lè w pa dakò, lè w kontan, ak lòt emosyon
- Imite bebe an lè l ap pale vit avèk eksitasyon
- Itilize non moun yo pou w idantifye yo

## ABILTE AK TI MISK PITI YO

- Kapab kenbe manje epi manje manje san danje ki apwopriye pou laj li
- Rasanble ti bagay piti epi ranmase pil lan
- Ponyen bagay ak gwo pous li epi de (2) dwèt (pensaj enferyè)

### *Aktivite*

- Bay bebe an opòtinite pou l ranmase manje ki san danje (sereyal sèk, biscuit sèk) pou l manje
- Kite bebe an jwe avèk liv ki senp ki fèt ak twal, katon, oubyen plastik
- Bay bebe an ti jwèt piti ak lòt bagay pou l ranmase, men asire w tou ke tout bagay sa yo sifizamman gwo pou l pa vale yo



6

## ABILTE AK GWO MISK YO

- Chita pou kont li, san asistans, pandan yon ti tan tou piti
- Kapab ranpe oubyen rale
- Kapab kenbe yon mèb oubyen men yon grandèt pou l leve kanpe
- Kapab pran fòs kote l kenbe yon mèb oubyen men yon grandèt pou l rete kanpe
- Balanse an avan ak an aryè lè l apiye sou de (2) men ak de (2) jenou l yo
- Jwe ak pye l yo lè l kouche sou do

### *Aktivite*

- Koze ak bebe an oubyen lonje jon jwèt li renmen ba li pou ankouraje pou l leve kanpe
- Plase yon jwèt nan yon distans epi ankouraje bebe an rale pou l al pran jwèt la
- Fè aranjman pou bebe an kenbe yon mèb pou l leve kanpe
- Fè aranjman pou gen anpil espas kote ki pa gen danje pou bebe an rale ak fè pwòp dekouvèt pa l (fòk gen sipèvizyon)
- Aranje w pou kay ou san danje pou timoun, pa kite bagay danjre kote pou bebe an rive jwenn yo

6  
rive nan 9 mwa



# 9 to 12 Months

## ABILTE PRATIK PÈSONÈL AK SOSYAL

- Konnen lè li pami moun li pa konnen
- Tire rad oubyen men grandèt, eseye ale sou yo pou l attire atansyon yo
- Kòmanse bwè likid nan gode
- Demontre afeksyon
- Kòmanse souri lè limenm li akonpli yon bagay

### Aktivite

- Itilize chosèt pouf è poupe twal epi fè kòm si poupe an ap pale ak bebe an
- Li ti pwezi pou bebe epi chante ti chanson pou bebe an
- Ede bebe an gade foto moun yo nan fanmi an ak nan albòm
- Lonje dwèt ou sou divèsbagay epi nonmen non yo
- Kominike ak bebe an, tandè sa l ap di, reponn li
- Fè kozri sou aktivite yo pandan w ap mennen yo avèk bebe an oubyen tou prè li
- Poze kesyon senpl pou bebe an (“èske w bezwen bibon?”)
- Di bebe an “non-non” sèlman lè ou pa vle tout bon vre, epi yon fwa ou di “non” se fini. Pa retounen sou desizyon w

## ABILTE NAN LANGAJ AK KONPREYANSYON

- Fè ba-bay ak men l ak ti dwèt li yo
- Reponn lè l tandè “non-non”
- Kòmanse reponn pou kesyon senpl (“èske w vle plis ji?”) avèk jès, siy ak vizaj li, epi chèche pran ak men li yo
- Souke tèt li pou l di “non”
- Rekonèt mo ki familye (manman, dadi, balon, bonbon)
- Gade foto ki nan liv
- Pran plezi tandè ti pwezi ak ti chanson pou timoun

### Aktivite

- Evite kote ki gen moun fache ak vyolan nan kay lan, nan televizyon an, ak nan video yo
- Pale yon manyè kalm, apezan, pou w fè timoun santi li pa an danje
- Mete ti bebe an chita nan mitan fanmi an lè n ap manje
- Fè jwèt frape pla men youn lòt (Pat-a-Cake) ak bebe an
- Kite bebe an kenbe yon gode ki gen yon ti kantite likid pou l bwè pou kont li (yon gode ki gen yon bèk nan kouvèti an rann aktivite sa a pi fasil)
- Souvan anbrase epi bo ti bebe an
- Reponn avèk anbrasman oubyen koze ak li lè bebe an plonje vini jwenn ou
- Souris epi anbrase bebe an lè l sanble li fye aprè li akonpli yon aksyon

## ABILTE PRATIK AK TI MISK YO

- Kenbe pwòp boutèy oubyen gode ki gen bèk li
- Itilize pous ak dwèt li pou l ranmase ti bagay piti
- Itilize de (2) men li yo avèk koòdinasyon (pran oubyen kenbe yon gode, frappe de (2) blòk ansanm)
- Bat bravo ak de (2) men
- Fè ekspresyon nan lage bagay atè
- Itilize dwèt li pou l manje pou kont li (sereyal sèk, biscuit sèk, ti moso fwi)

### **Aktivite**

- Montre bebe an kijan pou l ranje blòk oubyen bwat yo youn sou lòt, oubyen angaje l nan aktivite avèk divès objè tankou blòk yo
- Kite bebe an jwe avèk gode, kaswòl, ak istansil kuizin ki pap brize
- Ede bebe an mete bagay yo nan yon bwat
- Bay bebe an bwat ki vid ki gen divès dimansyon pou l jwe
- Bay bebe an sereyal sèk pou l manje pou kont li (pinga bay bebe an gwo grenn rezen, hòtdòg, pistach, pètpèt mayi, oubyen nenpòt lòt manje ki ka trangle li)

## ABILTE PRATIK AK GWO MISK YO

- Leve chita apati kote l kouche an
- Chita aprè l fini kanpe
- Mache avèk asistans
- Kapab kanpe pou kont li
- Frappe de (2) jwèt ansanm

### **Aktivite**

- Jwe jwèt imitasyon kanpe/chita/kouche
- Ede bebe an mache avèk sipò epi san sipò
- Kite bebe an “flannen” – kenbe mèb pou l mache monte desann agoch adwat (asire w ou gen espas ki pa gen danje pou bebe an itilize)
- Frappe bagay ki soupl ansanm epi ankouraje bebe an imite w
- Imite aksyon bebe an ap fè yo
- Woule yon balon voye bay bebe an epi ankouraje l pou l woule balon an voye ba ou tou

9 to 12 Months





# 12 to 18 Months

## ABILTE PRATIK PÈSONÈL AK SOSYAL

- Pran plezi kote moun ap bat men yo
- Montre afeksyon oubyen amitye pou lòt moun
- Fè jwèt kouri dèyè youn lòt, kache chèche
- Jwe balon oubyen fè lòt jwèt ak yon grandèt
- Itilize jès avèk vwa li pou l endike li bezwen yon bagay tout bon vre
- Montre li atache l tout bon vre a yon bagay li posede epi renmen (blankèt, jwèt)
- Kòmanse aprann abilte k ap fè l vini endepandan (retire rad sou li, itilize kiyè oubyen fouchèt)
- Kapab montre enkyetid lè yon paran pati kite l

### Aktivite

- Ankouraje timoun lan repete mo sa li fini abitye avè yo an
- Pandan timoun lan ap benyen oubyen abiye, nonmen pati ki nan kò li yo, epi ankouraje li repete mo sa yo
- Gade nan liv ki gen foto avèk timoun lan, epi ede l nonmen non bagay yo ki nan liv lan
- Itilize jwèt ki gen koz a kefè senpl (bwat ak okipasyon, bwat sipriz (jack-in-the-box))
- Chante tout kalite ti chanson pou timoun, repete yo plizyè fwa
- Fè jwèt ak dwèt ou yo pandan n ap chante (Itsy, Bitsy Spider)

## ABILTE NAN LANGAJ AK KONPREYANSYON

- Montre pati nan kò li yo (tèt, pye) lè yon moun nonmen non yo
- Kòmanse nonmen non pati nan kò yo
- Montre dives objè oubyen foto lè yon moun nonmen non yo
- Suiv lòd ki senpl (“chita,” “pa fè sa”)

### Aktivite


- Fè aranjman pou gen yon anviwònman pezib san danje
- Chante pou timoun lan
- Konpoze chanson ki dekri aktivite sa n ap fè chak jou yo
- Bay timoun lan yon sèvyèt mouye epi ankouraje li pou l “lave” yon poupe
- Kite timoun lan ede w dezabiye li
- Kite timoun lan kòmanse manje pou kont li avèk yon kiyè
- Mande timoun lan montre ki gwosè yon timoun ye (ede timoun lan leve men l yo anlè)
- Ale nan pwomnad ak timoun lan, vizite zoo oubyen pak, epi koze sou bagay sa nou wè oubyen fè ansanm yo



- Manje pou kont li ak yon kiyè
- Eseye ekri majigridi
- Anpile ti bagay piti youn sou lòt
- Konstwi ka yak youn ou de (2) blòk

**Aktivite**

- Jwe ak anpil blòk (ranje yo youn sou lòt, krase yo, gaye yo)
- Ankouraje timoun lan trase desen oubyen ekri majigridi avèk yon kreyon koulè oubyen make ki fonn nan dlo
- Pouse, peze, epi jwe ak sak pwa oubyen boul eponj ki soupl
- Ankouraje timoun lan manje pou kont li ak yon kiyè



**ABILTE PRATIK AK GWO MISK YO**

- Mache pou kont li
- Voye yon balon
- Chita nan yon chèz
- Akwoupi pou l ranmase yon bagay

**Aktivite**

- Kenbe men timoun lan, mache monte machpye avèk li
- Pèmèt timoun lan mache pandan l ap fè tout dekouvèt posib, men toujou ak sipèvizyon
- Mete bagay pou timoun lan rale oubyen pouse jwèt, pou l jwe avè l
- Woule boul, voye boul, oubyen sakpwa ak timoun lan
- Bay timoun lan mèb ak dimansyon ki apwopriye pou timoun pou l jwe; nou ka itilize tou ban an eskalye solid oubyen divès bwat
- Woule yon gwo balon voye bay timoun lan, epi mande l woule balon an voye tounen ba ou

12 rive nan 18 Mwa



# 18 to 24 Months

## ABILTE PRATIK PÈSONÈL AK SOSYAL

- Renmen lè yo li pou li
- Montre plis endepandans kote li abiye pou kont li, manje pou kont li, lave ak siye men l yo
- Montre kiryozi epi li mele “nan tout bagay”
- Devlope relasyon espesyal avèk chak paran oubyen moun k ap ba l swen yo
- Pran plezi jwe nan vwazinaj lòt timoun, men pa nan entèaksyon avèk lòt timoun
- Pran plezi lè yon moun touche l ak anbrase l
- Kapab montre l enkyete lè yo separe l de moun k ap ba l swen an

### Aktivite

- Bay direksyon senpl pou timoun lan suiv (“ale pran soulye w yo”)
- Jwe yon jwèt ki senpl tankou “sa manmanm di”
- Chak jou, li pandan senk a dis minit pou timoun lan; pran abitud li avan n al dòmi
- Reponn senpleman kesyon timoun lan poze yo
- Itilize foto jwèt yo kòm etikèt sou bwat jwèt yo oubyen mamit jwèt yo
- Bay timoun lan sifizamman tan pou l fini yon aktivite

## ABILTE NAN LANGAJ AK KONPREYANSYON

- Chwazi pami jwèt li yo sa l bezwen pou l jwe yo
- Imite jwèt lòt timoun ap fè
- Kòmanse nan poze kesyon
- Konbine de (2) oubyen twa (3) mo ansanm (“sòti deyò,” “leve kanpe”)
- Itilize non bagay yo lè l bezwen yo (balon, poupe, bonbon)
- Suiv direksyon ki gen youn oubyen de (2) nivo

### Aktivite


- Ankouraje jwèt san vyolans; dekouraje jwèt bwital
- Ankouraje timoun lan pou l abiye ak dezabiye pou kont li
- Ankouraje timoun lan pou ede fè travay nan kay lan (pòte papye sèvyèt sou tab lan, ranmase jwèt yo, ranje yo yon kote)
- Ankouraje timoun lan pou l itilize yon kiyè ak yon fouchèt alafwa
- Bay timounlan tan pou l abitye ak nouvo sitiyasyon epi moun nouvo k ap bay swen
- Ankouraje timoun lan jwe akote lòt timoun; bay yo de (2) menm jwèt pouyo jwe
- Pa chanje lide w lè w ap tann timoun lan fè sa w vle l fè. Kenbe l disipline (si w fini di “non”, pinga w chanje pou w di “wi” aprè, paske timoun lan ap fè kòlè)
- Montre timoun lan ou enterese nan jwèt sa l ap fè yo

## ABILTE PRATIK AK TI MISK YO

- Trase nenpòt bagay sou papye epi imite mouvman ki senpl (liy vètikal, liy orizontal, trase yon sèkl nan yon sèl mouvman)
- Kapab retire soulye ak chosèt li yo
- Kapab gaye yon bagay epi rearanje li

### *Aktivite*

- Ede timoun lan ranje dives bagay nan yon bwat epi lage yo atè ankò, gaye yo
- Bay timoun lan bwat ki senpl oubyen gode meziraj an plastik, mande l pou l ranje yo
- Bay timoun lan jwèt pasyans senpl pou l konplete (de (2) oubyen twa (3) pyès)
- Pèmèt timoun lan itilize dwèt li pou l fè desen avèk penti labouyi
- Bay lakrè, makè, kreyon, penti, epi bwòs pou l itilize sou glasi, gwo fèy papye, epi jounal
- Kite timoun lan itilize pat a modle an ajil ki pa toksik avèk lòt mèm pou raze bab
- Ba li papye pou l dechire



18 to 24 Months

## ABILTE PRATIK AK GWO MISK YO

- Sote ak de (2) pye alafwa
- Fè mouvman ak kò li suivan son mizik
- Monte desann eskalye avèk asistans
- Kouri anpil
- Eseye choute yon balon

### *Aktivite*

- Kenbe men timoun lan pou bal sipò pou w edel sote ak tou de (2) pye l yo
- Tande mizik, balanse, frappe men, epi danse ak timoun lan
- Fè konpetisyon kous sou sifas ki mou (gazon, tapi)
- Fè jwèt "choute balon an"



# De 24 a 36 Mwa to 36 Months

## ABILTE PRATIK PÈSONÈL AK SOSYAL

- Di “wmen renmen w”
- Asosye ak lòt timoun nan jwèt senpl
- Di lè l santi li bezwen twalèt
- Kontinye ap devlope konpetans ak endepandans nan abilte pou l ede pwòp tèt li (bwose dan l yo, manje ak abiye pou kont li)
- Ede ranmase jwèt yo ak ranje yo yon kote

### Aktivite

- Pèmèt timoun lan fè pwòp chwa pa l yo (chwazi kèk manje nan moman n ap manje, chwazi youn ou de (2) chemiz pou l mete sou li)
- Mande timoun lan suiv direksyon («tanpri, pran poupe w lan, mete l sou etajè an»)
- Tande sa timoun lan di, koze ak li
- Li liv ki gen foto chak jou pandan dis (10) minit ak timoun lan epi pale osijè foto yo
- Montre koulè bagay sa ki nan foto yo
- Reponn kesyon timoun lan ak repons senpl
- Itilize foto ak non jwèt yo pou w mete etikèt sou bwat oubyen mamit jwèt yo
- Resite pwezi, chante chanson pou timoun

## ABILTE NAN LANGAJ AK KONPREYANSYON

- Suiv direksyon a de (2) nivo (“pran soulye w yo, epi al mete yo nan amwa a”)
- Patisipe nan konvèzasyon ki senpl (bay repons pou kesyon “kijan w rele?”)
- Bay repons pou kesyon senpl yo tankou “kisa, kilès”
- Yon fason regilye, kapab itilize fraz ak twa (3) mo (“piplis ji, tanpri”)
- Kòmanse chwazi (ki chmiz pou l mete, èske l dwe jwe deyò oubyen anndan)
- Poze anpil kesyon

### Aktivite

- Kontinye dispoze konfò ak anviwònman pezig san danje
- Felisite timoun lan lè l endike li bezwen ale nan twalèt
- Jwe jwèt ki senpl avèk timoun lan (Fè won alantou Rozy, kache ak chèche)
- Ede timoun lan fè jwèt abiyman
- Devlope entèaksyon espesyal, oubyen egzès nan jwèt “mwen renmen w”
- Montre respè pou endepandans timoun lan ap montre, men gide l, epi plase limit nesèsè (pèmèt timoun lan itilize dlo pou l pentire glasi an oubyen planche galri an)

## ABILTE PRATIK AK TI MISK YO

- Itilize kiyè ak gode yon fason endepandan
- Vire manch pòt lan pou l ouvri l
- Konplete jwèt jwenn plas pyès nan jwèt puzzle senpl (kat a sis pyès)
- Devisè bouchon
- Itilize sis (6) a uit (8) blòk pou bati kay
- Itilize sizo pou dekoupe papyè

### Aktivite

- Bay timoun lan jwèt pasyans puzzle senpl pou l konplete
- Bay timoun lan ti sizo piti ki pa danjre ak papyè pou l dekoupe
- Bay sabl, penti dlo ki pa tache, pou l ka itilize yo ak dwèt li pou l ekri
- Ba l dives bwat avèk kouvèti li kapab ouvri epi fèmen
- Ba li yon bwat oubyen yon valiz ki gen okipasyon avèk ne pou l demare, konpatiman pou l ouvri, avèk lòt bagay pou yon timoun demele l

## ABILTE PRATIK AK GWO MISK YO

- Kondui ak dirije jwèt ki gen wou
- Pouse oubyen rale pòt pou ouvri l
- Kenbe ray pou monte mach eskalye

### Aktivite

- Fè aranjman pou timoun lan jwe ak lòt timoun (jwe boul, kache chèche)
- Ankouraje timoun lan pratike voye balon ak sakpwa
- Fè l pratike monte bisiklèt ak twa wou
- Montre timoun lan kijan pou l sote depase yon mak ak lakrè oubyen tiyo kaotchyou dlo ki depoze atè an
- Kouri avèk lòt timoun yo nan lespas ki pa gen danje
- Kite timoun lan woule sou zèb gazon an oubyen nan sabl

24 to 36 Months



### ABILTE PRATIK PÈSONÈL AK SOSYAL

- Kòmanse jwe avèk lòt timoun
- Pataje jwèt li yo, epi tann tou pa li avèk asistans
- Kòmanse jwe jwèt ki gen dram, jwe wòl aktè nan yon sèn antye
- Teste limit yo (lè yon grandèt di “non,” timoun lan kontinye fè sa l t ap fè an pou l wè si grandèt lan reyèlman serye lè l di “non”)
- Entèprete reyalite an pou l adapte l a bezwen pèsonèl pa l (“mwen pa renmen pataje bonbon m lan paske frè m lan pa renmen bonbon”)
- Devlope sans komik; rakonte ti istwa pouf è moun ri
- Bezwen yon ti èd tou piti pou l abiye tèt li, ale nan twalèt, epi manje
- Kapab devlope santiman lapèrèz (pè fènwa, dife, zannimo)

#### Aktivite

- Plase limit nan konduit li, epi eksplike poukisa limit yo nesèsè (“kouri nan lari an se yon aktivite danjre”)
- Itilize mo ki apwopriye pou n dekri evènman pase oubyen sa k ap vini yo (Jodi an, demen, anvan, aprè, pwochen)
- Nan moman kote n ap bay istwa, mande timoun lan kesyon ki senpl osijè istwa a
- Ankouraje timoun lan pou l klase ak konpare bagay yo lè l ap travay nan sa nou abitye fè (“kilès bagay nou bezwen pou n benyen?”, “ki kote pou n ranje fouchèt yo?”, “ki lòt bagay ou ta ka mete sou pye w yo?”)
- Montre timoun lan chante ak jwe ak dwèt li yo
- Koze sou sekans evènman yo; di kisa ki vini aprè
- Bay aksè a yon konpyoutè ki gen lojisyèl apwopriye pou timoun; itilize l ansanm

### ABILTE NAN LANGAJ AK KONPREYANSYON

- Konprann konsekans evènman yo
- Kòmanse konprann konsèpt yo nan kozmn tan an
- Rekonèt koulè epi konpare yo
- Kòmanse klasifye objè yo, epi gwoupe yo (sou baz gwosè, fòm, epi koulè yo)
- Itilize fraz kout pou l pale, epi kole fraz yo ansanm
- Chante, aprann jwèt ak dwèt yo

#### Aktivite


- Fè aranjman pou genyen yon anviwònman peyiz, san danje, avèk sipèvizyon
- Kreye sitiyasyon pou gen kooperasyon nan jwèt yo (choute yon balon ale retou; travay avèk yon lòt timoun pou “kuit manje” epi sèvi yon repa yo imajine pou poupe yo oubyen pou grandèt yo)
- Ede timoun yo jwenn solisyon pwoblèm sosyal (“di l konsa ou pa renmen...”)
- Eksplike ki konduit ou desire epi kontinye tann konduit sa w vle an yon fason konsistan (“tanpri, mache touprè mwen lè nou anndan magazen an”)
- Lè timoun lan fè yon plezantri, reponn ak kè kontan
- Bay timoun lan tout tan li bezwen pou l abiye, ale nan twalèt, epi manje pou kont li

### ABILTE PRATIK AK TI MISK YO

- Kòmanse fè desen ki reprezante moun ak zannimo, kote li montre lèt yo ak kèk pati nan kò yo
- Pwodi fòm ak pat a modè an ajil ki pa danire (fòm koulè ak balon)
- Bati ak blòk epi bay sa l konstwi yo non
- Dekoupe avèk sizo
- Konplete jwèt puzzle senpl (sis (6) a uit (8) pyès)

#### *Aktivite*

- Bay tab pou jwèt yo (puzzle, grenn chaplè, blòk)
- Bay fèy papye vid byen laj, ki pa trase
- Pèmèt timoun lan pentire anba lakou an avèk dlo koulè oubyen dlo òdinè
- Ofri divès zouti pou ekri (bwòs pou pentire, makè, kreyon koulè, kreyon nòmàl)
- Pèmèt timoun lan itilize materyèl yo yon fason endepandant (pa fòse timoun lan pou l "fabrike" nenpòt bagay)
- Bay timoun lan materyèl pou l manyen jan l vle (pat amodle an ajil ki pa toksik, penti ak dwèt, krèm pou raze bab, sabl)



36 to 48 Months

### ABILTE PRATIK AK GWO MISK YO

- Mache ap suiv yon liy
- Balanse sou yon pye pandan plizyè segond
- Kòmanse ap ponpe sou yon sèl pye
- Voye yon balon ak yon sèl main travèse plizyè pye
- Atrap yon balon k ap mate avèk de (2) men
- Monte yon bisiklèt ak twa (3) wou pou kont li
- Itilize yon paten pou kont li

#### *Aktivite*

- Plase obstak sou wout timoun lan pou l debouye l travèse (traverse chèz, pase anba tab)
- Fè jwèt atrap avèk yon balon soupl, pandan w ap ogmante distans lan pe a pe
- Fè jwèt atrap ak balon epi sakpwa ki gen divès gwosè
- Kreye chemen ak endikasyon pou yon bisiklèt a twa (3) wou, mete siy pou kanpe ak baryè pou pase
- Fè jwèt Suiv Lidè an, mete mouvman defi ladan li
- Jwe mizik pou n danse



### ABILTE PRATIK PÈSONÈL AK SOSYAL

- Jwe an kooperasyon avèk lòt timoun
- Chèche konprann wòl sou baz sèks (manman/papa) epi wòl moun k ap ede nan kominote an (ponpye, machann nan boutik)
- Konprann limit epi eksplike yo pou lòt timoun
- Respekte otorite, menm si l ka kontinye ap teste limit yo
- Patisipe nan jwèt an gwoup
- Chwazi pwòp zanmi pa l
- Montre sansiblite kote moun ap enmède l
- Renmen plezantri ki fè moun ri
- Abiye, ale nan twalèt, manje pou kont li

#### Aktivite

- Li liv ki gen istwa pou timoun lan
- Poze timoun lan kesyon sou istwa yo, epi mande l pou l rakonte istwa sa l tande yo
- Ankouraje timoun lan pou l fè aktè nan istwa nan liv sa l tande yo, oubyen istwa sa l imagine, kote l ap itilize yon vwa diferan pou chak karaktè
- Angaje timoun lan rekonsidere kondisyon yo avèk jwèt “e si” pou w ankouraje l fabrike pwòp istwa pa li (“e si w ta kapab vole?”)
- Mete plis lojisyèl konpyoutè disponib pou timoun lan
- Fè aranjman pou pwomnad nan bibliyotèk, nan zoo, ak kote ki gen evènman espesyal tankou parad
- Fè jwèt ki gen rim ak timoun lan (“èske w ka jwenn twa (3) mo ki rime ak chat?”)

### ABILTE NAN LANGAJ AK KONPREYANSYON

- Poze kesyon pou jwenn enfòmasyon (“poukisa?”, “kijan?”)
- Konprann woutin, kapab endike kilès aktivite k ap rive anvan oubyen aprè nan yon sekans
- Jwe avèk langaj, fabrike mo ki pa gen sans
- Reponn kesyon ki poze sou istwa yo, epi rerakonte istwa yo avèk asistans
- Kole fraz yo ansanm

#### Aktivite

- Bay opòtinite pou timoun lan jwe wòl kote l ap pretand (dekouraje jwèt bwital)
- Gwoupe timoun ki gen menm laj yo ansanm oubyen envite yon timoun menm laj vini sèvi konpayon pou w ankouraje jwèt an kooperasyon
- Anseye jwèt senpl yo (Kana, Kana, Zwa)
- Pèmèt pou timoun lan ede etabli limit (“konbyen sirèt chak timoun pral jwenn?”)
- Ede timoun lan devlope estrateji ki pou ede l solisyon pwoblèm sosyal yo (“itilize mo, pinga frape moun”, “ki lòt bagay ou ta kapab fè?”, “pwochè fwa, se kisa w pral di?”)




## ABILTE PRATIK AK TI MISK YO

- Fè dekoupi sou yon liy
- Kopye dives fòm
- Enprime kèlke lèt
- Fè desen ki reprezante objè
- Konstwi stwikti simetrik avèk kèlke blòk
- Fè eskilti tankou estati avèk pat a modle an ajil ki pa toksik

### **Aktivite**

- Bay jwèt tankou blòk pou fè konstwiksyon
  - Bay timoun lan tout yon varyete sifas pou l ekri sou yo (papye pou konstwiksyon, anvòp, tablo pou ekri ak lakrè, fèy katon)
  - Ankouraje timoun lan fè desen ki pou reprezantte objè ak aktivite
  - Bay pat a modle an ajil ki pa toksik, sabl, epi papye ak lakòl
- Limite kantite objè sa timoun lan ap kapab itilize nan yon moman detemine



48 to 60 Months

## ABILTE PRATIK AK GWO MISK YO

- Mache devan dèyè
- Monte desann eskalye san asistans, boukante pye yo
- Sote ponpe
- Kòmanse sote bagay
- Choute yon balon ak presizyon
- Fè lakilbit
- Suiv direksyon divès mouvman (“mete men nan tèt, fè de (2) gwo pa, epi fè vòltefas”)

### **Aktivite**

- Kite timoun lan ede anvizaje obstak sou wout li (mache sou yon poto kouche, chèz pou l grenpe monte, tab pou l bese pase anba l, balanswa)
- Woule epi pase gwo sèk plastik youn bay lòt
- Òganize yon jwèt choute balon san konpetisyon
- Mennen timoun lan sou yon teren jwèt kote l ap pratike grenpe monte desann, nonte sou balanswa, ak lòt aktivite
- Fè jwèt Kisa Simon Di “Simon Says”, avèk ladan li anpil mouvman ki gen defi
- Sote ak timoun lan sòti lakay al nan oto an
- Ankouraje timoun lan pratike mache devan dèyè
- Jwe mizik pou n danse epi bay enstwiman mizik timoun lan kapab jwe pandan l ap danse oubyen make l pa





Piblikasyon sa a se youn pami anpil sa ki disponib yo, atravè Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Etidyan yo (Bureau of Exceptional Education and Student Services (BEESS)) nan Depatman Edikasyon Florida a (Florida Department of Education), e ke nou anvizaje pou n asiste distrik lekòl yo, ajans leta k ap sipòte pwogram edikasyon yo, epi paran sa k ap benefisye pwogram espesyal yo. Pou plis enfòmasyon konsènan piblikasyon sa a, oubyen si w ta bezwen yon lis ki gen piblikasyon disponib, pran kontak ak Resous ak Sant enfòmasyon nan BEESS lan (BEESS Resource and Information Center (BRIC)) nan:

**325 W. Gaines Street, Room 628**  
**Tallahassee, Florida 32399-0400**  
**Telephone: 850-245-0475; FAX: (850) 245-0987**  
**Email: [BRIC@fldoe.org](mailto:BRIC@fldoe.org)**  
**Website: [www.fldoe.org/ese](http://www.fldoe.org/ese)**

Bureau of Exceptional Education and Student Services  
(Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis pou Elèv)  
Monica Verra-Tirado, Ed.D., Chef Responsab

Se tout ekspè nou kite paj sa a vid..



Pam Stewart, Komisë ESE

310509.W